| English | Haitian Creole |
|---|---|
| Welcome to NLRB E-Filing | Byenveni nan E-Filing NLRB |
| What is E-File? | Kisa E-File ye? |
| "E-File" is the system for submitting documents electronically pertaining to a case or inquiry pending before the National Labor Relations Board (NLRB). The E-File system is a quick and easy way to filed documents with the NLRB. | "E-File" se sistèm pou prezante dokiman sou fòm elektwonik ki gen rapò avèk yon afè oswa yon ankèt ki annatant devan Konsèy Nasyonal Relasyon Travay (NLRB). Sistèm E-File se yon fason ki rapid ak fasil pou dokiman ou prezante ba NLRB. |
| Do I need to file multiple copies of documents that I file electronically? | Èske mwen bezwen prezante anpil kopi dokiman m ap prezante sou fòm elektwonik? |
| There is no need to file multiple copies of documents that you file electronically. | Pa gen nesesite pou prezante anpil kopi dokiman w ap prezante sou fòm elektwonik. |
| How do I access my previously E-Filed documents? | Kijan mwen kapab jwenn dokiman mwen te prezante sou fòm elektwonik (E-Filed) anvan? |
| You may access previously E-Filed documents through the My Account Portal (MAP) for 90 days from date of E-Filing. | Ou ka gen aksè nan dokiman ou te prezante sou fòm elektwonik (E-Filed) anvan nan My Account Portal (MAP) pandan 90 jou apati dat E-Filing. |
| I am a returning E-File user. Do I need to fill in Contact Information each time? | Mwen se yon itilizatè E-File ki retounen. Èske mwen bezwen ranpli Enfòmasyon Kontak mwen chak fwa? |
| No. Existing E-File users can **"Sign In"** to have access to previously entered Contact Information without having to reenter it. | Non. itilizatè E-File ki la deja kapab **"Konekte"** pou yo kapab gen aksè nan Enfòmasyon Kontak yo te antre anvan san yo pa bezwen re-antre enfòmasyon yo. |
| Where can I read the E-Filing rules? | Ki kote mwen kapab li règ E-File? |
| The E-Filing terms are available here. The E-Filing terms are also displayed each time you access the E-Filing system. | Kondisyon E-Filing yo disponib la a. Kondisyon E-Filing yo parèt chak fwa ou antre na n sistèm E-Filing. |
| What documents can I E-File? | Ki dokiman mwen kapab E-File (prezante sou fòm elektwonik)? |
| Most documents can be filed with the NLRB using the E-Filing system, including Charges and Petitions. The full terms and rules are available (click here). | Ou kapab prezante pifò dokiman yo ba NLRB avèk sistèm E-Filing, tankou Akizasyon yo ak Petisyon yo. Tout kondisyon yo ak règ yo disponib (klike la a). |
| For consolidated cases, do I need to E-File my document separately under each case number? | Pou afè ki gwoupe yo, èske mwen bezwen E-File dokiman mwen apa anba chak nimewo afè? |
| No, the document should be E-Filed solely under the lead (i.e., lowest) case number. | Non, ou ta dwe E-File dokiman an sèlman anba nimewo afè prensipal la (sètadi, sa ki pi ba a). |
| Is technical assistance available after business hours? | Èske gen asistans teknik ki disponib apre lè biwo fèmen? |
| Agency personnel are not available after the close of regular business hours to assist parties with E-Filing. If you have difficulty after hours, you may try using a different computer. Temporarily removing pop-up blockers and changing your spam filter to allow receipt of messages from | Manm pèsonèl Ajans lan pa disponib apre fèmti lè biznis regilye pou asiste moun ki konsène yo avèk E-Filing. Si ou gen difikilte apre lè biwo fèmen, ou ka eseye itilize yon òdinatè diferan. Si ou retire blokè pop-up(fenèt konseptyèl) yo pou yon ti tan epi si ou chanje filtè spam (anti- |

| | |
|---|---|
| nlrb.gov may expedite receiving a notification that your E-Filing has been received. A technical failure by the Agency's E-Filing system may excuse a late filing, but end user problems will not. If end user problems cannot be corrected before the 11:59 p.m. E-Filing deadline, the subsequent late filing will not be excused. Examples of end use problems include trouble with the telephone lines, the user's internet service provider, hardware, software, users failing to understand or follow E-Filing instructions, or rejection of the transmission because the document contains a virus. | pouryèl) ou pou pèmèt ou resevwa mesaj nan nlrb.gov sa ka fasilite ou resevwa yon notifikasyon k ap fè ou konnen nou resevwa E-Filing ou. Yon defayans teknik nan sistèm E-Filing Ajans lan ka eskize yon prezantasyon dokiman yo anreta, men pwoblèm itilizatè final la p ap fè sa. Si pwoblèm itilizatè final la pa korije anvan 11:59 p.m. dat limit E-Filing, prezantasyon dokiman yo anreta apre a p ap eskize. Kèk egzanp pwoblèm itilizasyon final se pwoblèm avèk liy telefòn yo, sèvis entènèt itilizatè a, materyèl, lojisyèl, si itilizatè yo pa konprann oswa pa swiv enstwiksyon yo pou E-Filing, oswa rejè transmisyon an paske dokiman an gen yon viris. |
| What is the deadline for E-Filing? Can I request an extension? | Ki dat limit pou E-Filing? Èske mwen kapab mande yon pwolongasyon? |
| E-Filed documents must be filed using the Agency's website before midnight in the time zone of the receiving office. Requests for extension of time are made by completing an online form. You can request an extension of time through the NLRB's E-Filing System by clicking here. Please note that successful submission of a request for an extension of time through the Agency's E-Filing system does not mean that your request has been granted. The office receiving the request will contact you directly to confirm whether the request has been granted or denied. | Ou dwe prezante dokiman E-Filed yo sou fòm elektwonik sou sitwèb Ajans lan anvan minwi nan lè zòn biwo k ap resevwa dokiman yo. Ou dwe fè demann pou pwolongasyon tan an depi ou ranpli yon fòm sou entènèt. Ou kapab mande yon pwolongasyon tan nan sistèm E-Filing NLRB depi ou klike la a. tanpri sonje prezantasyon yon demann avèk siksè pou yon pwolongasyon tan nan sistèm E-Filing Ajans lan pa vle di nou akòde demann ou.  Biwo ki resevwa demann lan pral kontakte ou dirèkteman pou konfime si nou akòde oswa refize demann lan. |
| What if I have a question not on this list? | Kisa pou mwen fè si mwen gen yon kesyon ki pa nan lis sa a? |
| You may send questions not addressed here to webteam@nlrb.gov. | Ou ka voye kesyon ki pa endike la a ba adrès imèl webteam@nlrb.gov. |
| What if I receive more than one Account Number? | Kisa pou mwen fè si mwen resevwa plis pase yon Nimewo Kont? |
| If you receive more than one Account Number, you should add those to your online My Account Portal profile as well. In your Profile, enter the additional account number in the “Add Accounts and Addresses” box and then select the Add button. The page will refresh with the additional account information. | Si ou resevwa plis pase yon Nimewo Kont, pou ta dwe kont sa yo nan pwofil Pòtay My Account ou sou entènèt tou. Nan Pwofil ou, antre nimewo kont anplis la nan bwat “Add Accounts and Addresses”(ajoute kont yo ak adrès yo) epi answit chwazi bouton Add (ajoute). Paj la ap aktyalize avèk enfòmasyon kont anplis la. |
| What is E-Service? | Kisa E-Service ye? |
| "E-Service" is the electronic service of Board and ALJ decisions and orders on parties. Parties who register for E-Service will receive, immediately upon posting of the Board's daily E-Docket on its website, an e- | “E-Service” se sèvis elektwonik desizyon ak lòd Konsèy la ak ALJ sou moun ki konsène yo. Moun konsène ki anrejistre pou E-Service pral resevwa, imedyatman nou afiche E-Docket jounalye Konsèy la sou sitwèb li, yon |

| | |
|---|---|
| mail constituting formal notice of the Board's or Judge's decision and an electronic link to the decision. E-Service notifications will be sent at the close of the business day from NLRB headquarters in Washington, D.C. (5:00 p.m. Eastern Time). Board and ALJ decisions will not be mailed to parties who sign up for E-Service.<br><br>When documents are electronically-filed in a case, the NLRB sends a courtesy e-mail notification to other parties in the case who have registered to receive electronic service of Board and ALJ Decisions. The e-mail provides a link to the documents as a courtesy notification only; **it does not constitute service of the document by the filing party pursuant to Board Rules & Regulations Sections 102.114(a) or 102.114(i).** In addition, this e-mail indicates only that the document has been E-Filed with the Agency. It does not constitute a determination that the document has been accepted by the Agency as meeting the requirements for filing. In the event the document being E-Filed is required to be served on another party to a proceeding, the other party must be served by e-mail, if possible. If the other party does not have the ability to receive electronic service, that party must be notified by telephone of the substance of the transmitted document and a copy of the document must be served by personal service no later than the next day, by overnight delivery service, or, with the permission of the party receiving the document, by facsimile transmission. See Sec. 102.114(a) and (i) of the Board's Rules and Regulations.<br><br>If you have not registered for E-Service, and wish to do so, you should log into the NLRB My Account Portal and select the checkbox that says "I consent to accept formal service of documents electronically from the NLRB.". See the FAQ "How do I sign in to the NLRB My Account Portal?" for information regarding logging into My | imèl k ap reprezante avi fòmèl desizyon Konsèy la oswa desizyon jij la oswa yon lyen elektwonik k ap mennen nan desizyon an. N ap voye notifikasyon E-Service yo nan finisman jou ouvrab depi biwo santral NLRB nan Washington, D.C.(5:00p.m. Lè Zòn Lès). Nou p ap voye desizyon Konsèy la ak desizyon ALJ ba moun konsène ki enskri non yo pou E-Service.<br><br>Lè lòt yon moun ki konsène yo prezante dokiman yo sou fòm elektwonik nan yon afè, NLRB ap voye yon avi nan imèl koutwazi ba lòt moun konsène yo ki te anrejistre pou resevwa sèvis elektwonik Desizyon Konsèy la ak Desizyon ALJ. Imèl la ap bay yon lyen pou mennen nan dokiman yo kòm yon notifikasyon koutwazi sèlman;**li pa reprezante sèvis dokiman moun konsène ki prezante dokiman yo annakò avèk Seksyon 102.114(a) oswa 102.114(i) Règ ak Règleman Konsèy la.** Answit, imèl sa a ap endike sèlman moun konsène a te E-Filed (prezante dokiman sou fòm elektwonik ) avèk Ajans lan. Imè la pa reprezante yon detèminasyon ki endike Ajans lan te aksepte dokiman an kòm dokiman ki satisfè kondisyon yo pou prezantasyon. Sizoka dokiman yon moun konsène E-Filed nesesè pou voye ba lòt moun konsène a nan yon pwosedi, nou dwe voye li ba lòt moun konsène a nan imèl, si li posib. Si lòt moun konsène a pa gen mwayen pou resevwa sèvis elektwonik, nou dwe voye avi ba moun konsène sa a nan telefòn konsènan sa ki nan dokiman ki transmèt la ak epitou nou dwe voye yon kopi nan sèvis pèsonèl ba li nan pwochen jou a, nan sèvis livrezon lannwit, oswa, avèk pèmisyon moun konsène ak ap resevwa dokiman an, avèk transmisyon nan faks. Gade Seksyon 102.114(a) ak (i) Règ ak Règleman Konsèy la.<br><br>Si ou pa t anrejistre pou E-Service epi ou vle fè sa, ou ta dwe konekte nan Pòtay NLRB My Account epi chwazi bwat ki di "Mwen dakò |

| | |
|---|---|
| Account. | pou aksepte sèvis fòmèl dokiman yo sou fòm elektwonik nan NLRB." Gade FAQ "Kijan pou mwen  konekte nan Pòtay NLRB My Account?" pou jwenn enfòmasyon konsènan fason pou mwen konekte nan Kont mwen. |
| What is login.gov? | Kisa login.gov ye? |
| login.gov is a service that offers secure and private online access to government programs and websites. With a login.gov account, you can sign into multiple government websites, including the NLRB public website, with the same email address and password. | login.gov se yon sèvis ki ofri aksè pwoteje ak prive sou entènèt pou pwogram ak sitwèb gouvènman Avèk yon kont login.gov, ou kapab konekte nan anpil sitwèb gouvènman, tankou sitwèb piblik NLRB, avèk menm adrès imèl ak modpas. |
| Why is NLRB using login.gov? | Pou kisa NLRB itilize login.gov? |
| login.gov uses two-factor authentication, and stronger passwords, that meet National Institute of Standards of Technology requirements for secure validation and verification. By using login.gov, you'll get an extra layer of security to help protect your My Account profile against password compromises. | login.gov itilize otantifikasyon ki gen de faktè, ak modpas pi fò, ki satisfè egzijansEnstiti Nasyonal Nòm Teknoloji requirements pou validasyon ak verifikasyon pwoteje. Lè ou itilize login.gov, w ap jwenn yon kouch sekirite siplemantè pou ede pwoteje pwofil Kont ou kont konpwomisyon modpas. |
| How do I sign in to the NLRB My Account Portal? | Kijan pou mwen konekte nan Pòtay NLRB My Account? |
| To sign-in to the NLRB My Account Portal you must have a login.gov account. If you do not already have a login.gov account, you must create one. This is a one-time step. For help in creating a new login.gov account click here for more information.<br><br>After providing your login.gov credentials you will be asked to enter an Account Number and the email address associated with the Account. This information is available in the email notification you received after you submitted a charge/petition or at the time that you e-filed documents in support of your charge/petition.<br><br>You will need to use your login.gov email address, password and the one-time security code every time you want to sign into the My Account Portal. | Pou konekte nan Pòtay NLRB My Account ou dwe gen yon kont login.gov. Si ou pa gen yon kont login.gov deja ou kapab kreye youn. Sa  se yon etap yon fwa. Pou ede ou kreye yon nouvo kont login.gov klike la a pou jwenn plis enfòmasyon.<br><br>Apre ou enfòmasyon idantifikasyon login.gov ou, n ap mande ou pou antre yon Nimewo Kont ak adrès Imèl ki asosye avèk Kont lan. Enfòmasyon sa yo disponib nan notifikasyon imèl ou te resevwa apre ou te prezante yon akizasyon/petisyon oswa nan moman ou te prezante dokiman yo sou fòm elektwonik pou sipòte akizasyon an oswa petisyon ou.<br><br>Ou pral bezwen itilize adrès Imèl login.gov ou, modpas ou ak kòd sekirite yon sèl fwa a chak fwa ou vle konekte nan Pòtay My Account. |
| What if I already have a login.gov account? | Kisa pou mwen fè si mwen gen yon kont login.vov deja? |
| If you already have a login.gov account, you do not need to create a second one. Use your existing login.gov email address and password, | Si ou gen yon kont login.gov deja ou pa bezwen kreye yon dezyèm kont. Itilize adrès Imèl ak modpas login.gov ou genyen deja, plis kòd |

| | |
|---|---|
| plus the one-time security code to sign into the NLRB My Account Portal. | sekirite yon sèl fwa pou konekte nan Pòtay NLRB My Account. |
| Can I share a login.gov account with another person? | Èske mwen kapab itilize yon kont login.gov ansanm avèk yon lòt moun? |
| No. Each person needs his/her own login.gov account. Each person must set up his/her own login.gov account, with their own email address (not an email that you share with someone else). | Non. Chak moun bezwen pwòp kont login.gov pa li. Chak moun dwe kreye pwòp kont login.gov li, avèk pwòp adrès Imèl li (pa yon imèl w ap itilize ansanm avèk yon lòt moun). |
| Which email address should I use to create a login.gov account? | Ki adrès imèl mwen ta dwe itilize pou kreye yon kont login.gov? |
| You can use any email address to create your login.gov account. However, we suggest you use the email address you plan to use when corresponding with the NLRB. | Ou kapab itilize nenpòt adrès Imèl pou kreye kont login.gov ou. Men nou sijere ou pou itilize adrès ou planifye  pou itilize lè w ap koresponn avèk NLRB. |